

NÒT: Sa se yon tradiksyon an Kreyòl. Dokiman orijinal la te an angle. Si gen yon dekalay, itilize dokiman orijinal la.

Kadejak

Devlopman Global jwenn sipò Fondasyon
Bill ak Melinda Gates

Konsènan dokiman sa

[Sophie Cousins](#) Pòtoprens

Lendi 18 Avril 2022 02.15 EDT

Dènye modifikasyon Madi 19 Avril 2022 07.27 EDT

‘N ap goumen avèk sistèm lan’: Avoka Ayiti pote koze kadejak nan tribinal yo

Nan yon sosyete kote lamizè blayi epi kote gang ki gen zam konn fè kadejak sou moun pou yo ka domine, twa fanm ap travay pou lajistis



Yon pakèt twou egou san kouvri nan zòn Cite Soleil yon katye nan Pòtoprens, Ayiti. Zak kadejak yo vin pi plis nan peyi depi aprè tranbleman tèt 2010 la. fotograf: Rebecca Blackwell/AP

Chak maten, twa avoka pase nan zòn gang, nan wout ki chaje danje nan Pòtoprens pou y al travay. Nan de bagay ki pi enpòtan pou Medam yo nan yon jounen men sa ki vin avan: pou yo ale ak retounen nan travay yo san anyen pa rive yo. Dezyèm bagay la se konbat sistèm legal ayisyen an depi nan zantray li, pou yo eseye jwenn jistis pou medam ki sibi kadejak yo.

Kadejak ki soti nan mitan gang yo an Ayiti pa bagay kap fèt kounya men sitiyaasyon an vin pi mal depi lè yo fin [touye prezidan an](#) ane pase, sa ki vin kite peyi a san dirijan.

Biwo Avoka Entènasyonal la (Bureau des Avocats Internationaux, BAI) nan kapital peyi Dayiti, yon òganizasyon dwa moun, te kreye Pwojè pou Fè Prevansyon ak Pini Krim Vyòl akòz yon gwo monte to kadejak, sitou sou fanm ki t ap viv nan kan pou moun ki deplase aprè tranblemanntè 2010 la.

Avoka sa yo – Abigail Derolian, Marie Kattia Dorestant-Lefruy ak Gladys Thermezi – ede viktim yo nan proses legal la, depi nan depoze yon plent nan Komisarya jiskaske pou prepare yon dosye epi prezante li nan pwosè– si gen youn. Sou 528 ka yo te travay sou yo depi tranblemanntè 2010 la, sèlman 10 rive nan pwosè.

“Lè w ap viv nan yon sosyete ki chaje pwoblèm, fanm avèk tifi toujou soufri. Nan sitiyaasyon sa, gang sèvi ak fanm tankou zam lagè pou yo vanje, pou yo montre sa yo peze,” dapre Derolian.

“Nou pa yon peyi ki ankouraje respè pou dwa moun, sitou pou dwa fanm. Medam yo pa konnen yo ka viv ak diyite, yo ka jwenn jistis. Nou gen anpil fanm ki sibi kadejak, e nou konnen lamajorite nan yo pè pale.”

Wo Komisyon Nasyonzini pou Dwa Moun (UN high commission for human rights) ki te fè yon [evaliyasyon](#) nan lane 2021 sou Ayiti te jwenn kantite kadejak ki sòti nan mitan gang yo te vinn pi plis. “kadejak se tankou zam pou imilye, simen latwoublay ak ranfòse pouvwa manm gang yo sou popilasyon lokal la. Gen de seri de kote tèlman yo alèz nan sa yap fè a, yo pa pè anyen, yo menm arive fè kadejak sou moun gwo lajounen,” li di.

Karlynn*, yon moun BAI tap sipòte, te viktim anba men 2 nèg gwo lajounen.

“Mwen te oblije kite travay mwen nan yon faktori rad pou m te ka al abite andeyò paske manm gang yo tap chache mwen,” manzè di. Dosye li a ap tann nan pakè.

Nan [dènye chif](#) li fè soti nan mwa mas, Nasyonzini (UN) estime 23 pousan fanm ki marye oswa kap viv nan kay ap sibi kadejak oubyen vyolans fizik nan men patnè yo. Ane pase, Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Zafè Imanite (the UN Office for the Coordination of Humanitarian Affairs) di kantite ka yo [ogmante Ayiti swa 377 pousan](#) nan lane 2020.

BAI, nan tèt kole avèk Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti ki baze l nan peyi Etazini, ofri sipò ki nesèsè yo.

Medam yo sòti nan òganizasyon tankou Medsen san Fwontyè (Médecins Sans Frontières), ki ba yo premye swen aprè yon atak, epi nan yon gwo rezo moun kap travay pou sipòte kominote a.

“Nou gen yon obstak lè nap mande jistis, sa soti nan sistèm jidisyè a. Nap goumen ak sistèm lan. Nou travay de fwa plis pou nou sèten viktim yo pap dekouraje. Nou pa sispann mennen ankèt,” Thermezi di.

Korispsyon, lawonte ak jouman pou viktim lan vinn pi plis, avoka yo di. Gen abitud koripsyon nan tribinal yo lè jij la pral poze kesyon sa yo: “Ki kote ou ta prale lè sa? Kisa ki te sou ou? Se pa yon zafè fanm ak gason?”

Avoka BAI yo rete janm. “Mwen soti nan fanmi ki pòv, ki pa gen lapawòl e mwen kontan defann fanm ki pa gen pèsòn pou pale pou yo e ki pa gen lajan pou sèvis legal,” Dorestant-Lefrui di.

“Nou jwenn anpil obstak nan chache jistis pou fanm...men travay la banm fòs ak kouraj pou m leve vwa m pou fanm sa yo.”

* *Non an te chanje*